


7

Sentòm COVID-19 ak sentòm grip yo sanble anpil. Kòman mwen kapab diferansye yo?

W ap jwenn yon gid itil k ap pèmèt ou konpare sentòm COVID-19, Grip, Senp Rim, ansanm ak sentòm alèji yo isit la: <https://newsinhealth.nih.gov/2022/01/it-flu-covid-19-allergies-or-cold>.

Sepandan, yon pwofesyonèl swen sante kapab kòmande pou fè yon tès pou li konfime si w gen grip, COVID-19, oswa yon lòt maladi similè.



8

Mwen fèk gen COVID-19. Èske m kapab pran vaksen kont Grip la?


Yo kapab repòte vaksen kont grip la sèlman lè w pa malad ankò. An jeneral, moun ki izole lakay yo poutèt yo gen COVID-19 yo dwe tann jiskaske yo reponn ak kritè pou yo soti nan izòlman an (menm si yo pa prezante okenn sentòm) pou yo vini nan yon sit kote y ap ba vaksen pou evite pwopaje maladi a bay lòt moun. Pale avèk yon pwofesyonèl swen sante pou konnen ki lè ki plis apwopriye.

Boston Public Health Commission
(Komisyon Sante Piblik Boston)
Infectious Disease Bureau
(Biwo Maladi Enfektye)
1010 Massachusetts Avenue
Boston, MA 02118
www.boston.gov/bphc
617-534-5611

PA BLIYE COVID AK GRIP LA!

SEZON GRIP LA

YO PA BLIYE W OU MENM.



Jwenn yon Vaksen kont Grip!



Jwenn yon vaksen kont COVID-19!

1 Èske m dwe toujou bay tèt mwen pwoblèm pou grip la?

Wi! Pandan COVID-19 la kapab pwopaje pi fasil e lakoz moun malad pi grav, grip la toujou prezante yon gwo pwoblèm pou anpil moun chak ane, sitou granmoun ki aje yo, moun ki ansent yo, timoun ki gen pi piti pase 5 lane yo, ansanm ak moun ki gen pwoblèm medikal ki pa deklare yo.



2 Mwen te pran vaksen kont COVID-19 la, sa vle di mwen pwoteje, pa vre?

Non! Grip ak COVID-19 se de maladi respiratwa ki kontajye, men se plizyè viris diferan ki bay yo. Sa vle di vaksen kont COVID-19 la **PA** pwoteje w kont grip la epi vaksen kont grip la pa pwoteje w kont COVID-19 la tou.



3 Èske li posib pou yon moun gen ni Grip la ni COVID-19 an menm tan?

Wi. Li posib pou yon moun gen grip la ak yon lòt maladi respiratwa tankou COVID-19 an menm tan. Yo rele sa yon ko-enfeksyon. Nou atann pou n wè sa pi souvan paske gen yon ogmantasyon ki fèt nan viris k ap sikile a.

4 Mwen poko tande okenn enfòmasyon sou grip la. Èske m pa ta dwe jis tann pou pran vaksen an?

Non, pa ditou. Li pi bon toujou pou vaksinen **avan** grip la kòmanse pwopaje nan kominote w la. Mwa Septanm lan oswa fen mwa Oktòb la se moman ideyal pou vaksinen kont grip la. Sepandan, ou ka toujou vaksinen nan mwa Novanm nan oswa annapre pwiske grip la pi souvan atenn pik li nan mwa Fevriye a epi li kapab kontinye nan mwa Me a.



5 Mwen fèk pran yon dòz rapèl pou COVID-19. Èske m dwe tann pou m pran vaksen kont grip mwen an?

Non. Ou kapab pran yon vaksen kont grip menm lè ak yon vaksen kont COVID-19, ansanm ak yon dòz rapèl pou COVID-19 tou.



6 Èske pitit mwen an pa twò jèn pou l pran yon vaksen kont grip?

Tout moun ki gen laj 6 mwa ak plis dwe pran yon vaksen kont grip. An reyalyte, yo kapab pran ni vaksen kont grip ni vaksen kont COVID-19 hyo an menm tan, men yo pa repòte okenn nan vaksen an pou yo kapab pran toude nan menm vizit la.

